

**APLIKASYON POU ANREJISTREMAN**  
**DOSYE DEMOLISYON AR299 ak AR300**

**OU DWE RANPLI FÒM YO ANN ANGLÈ**

**SA POU SOUMÈT AK FÒM SA YO:**

1. Kopi Pèmi Demolisyon Depatman Bilding (Department Of Buildings, DOB) Vil New York
2. Frè (Yo presize frè kalkil yo nan fen fèy enstriksyon sa a)

**KOTE POU SOUMÈT FÒM SA YO:**

Tanpri ranpli de (2) fòm sa yo (AR299 ak AR300) epi soumèt yo fas-a-fas oswa nan kourye lapòs bay NYC Department of Environmental Protection, Bureau of Environmental Compliance, 59-17 Junction Boulevard, 9<sup>th</sup> Floor, Flushing, New York 11373.

**OU DWE RANPLI FÒM SA YO NÈT.**

**YO P AP AKSEPTE FÒM KI PA RANPLI**

KOPYE ENFÒMASYON OU TE ANTRE SOU FÒM AR299 LA (EKSEPTE KAZ NIMEWO 14 LA) EGZAKTEMAN NAN KAZ KI GEN NIMEWO KI KORESPONN SOU FÒM AR300 AN

<b>1. ADRÈS LOKAL LA:</b>	ADRÈS BILDING OSWA ESTRIKTI POU YO DEMOLI A, METE MINISIPALITE A, VIL LA, ETA, AK KÒD POSTAL LA
<b>2. KALITE BILDING OSWA ESTRIKTI A:</b>	AK KALITE MATERYÈL YO KONSTUI BILDING LAN OSWA ESTRIKTI A (pa egzanp, BRIK, BETON, ELATRIYE).
<b>3. ETAJ:</b>	KANTITE ETAJ ANTOU KI NAN BILDING LAN OSWA ESTRIKTI A.
<b>4. SIPÈFISI TOTAL ATÈ A:</b>	PYE KARE TOTAL SIPÈFISI ATÈ NAN BILDING LAN OSWA ESTRIKTI A.
<b>5. FASAD LARI:</b>	MEZI AN PYE FASAD LARI BILDING LAN OSWA ESTRIKTI A OKIPE. SI BILDING LAN OSWA ESTRIKTI A GEN FASAD SOU PLIS PASE YON LARI, ENDIKE FASAD KI PI LONG LAN SÈLMAN.
<b>6. FASAD BILDING LAN:</b>	MEZI AN PYE FASAD AKTYÈL BILDING LAN OSWA ESTRIKTI A.
<b>7. KÒMANSMAN DEMOLISYON AN</b>	KANTITE JOU APRE YO FIN RESEVWA APWOBASYON AN POU PWOJÈ DEMOLISYON AN KÒMANSE
<b>7a. DIRE DEMOLISYON AN</b>	TAN YO PREVWA PWOJÈ DEMOLISYON AN AP DIRE [SA VLE DI 2 JOU, 3 SEMÈN, YON (1) MWA].
<b>8. 8a. NIMEWO PÈMI KONSTRIKSYON AN (SI L DISPONIB) AK DAT YO TE BAY LI:</b>	SI W DEJA GEN YON PÈMI DEPATMAN BILDING VIL NEW YORK [DOB] POU DEMOLISYON SA A, ENDIKE NIMEWO PÈMI AN AK DAT YO TE BA W LI.
<b>9. BAY YON KOPI PÈMI DEMOLISYON DEPATMAN BILDING LAN LÈ W RESEVWA LI:</b>	SI W DEJA RESEVWA PÈMI AN, METE YON KOPI PANDAN W AP SOUMÈT FÒM ANREJISTREMAN SA A. SI W POKO RESEVWA PÈMI AN, OU DWE VOYE YON KOPI NAN ADRÈS KI PI BA A OSWA VOYE YON KOPI NAN FAKS BAY (718) 595-3744.
<b>10. KONTRAKTÈ DEMOLISYON AN:</b>	NON KONPAYI A, NIMEWO TELEFÒN AK ADRÈS KONPLÈ KONTRAKTÈ DEMOLISYON AN. ADRÈS LA DWE GEN LADAN L MINISIPALITE A AK KÒD POSTAL LA.
<b>11. 11a. MOUN K AP SIPÈVIZE DEMOLISYON AN:</b>	NON AK TIT MOUN KI PRAL SIPÈVIZE DEMOLISYON AN.
<b>12. ENDIKE PREKOSYON YO PRAN POU ANPECHE PATIKIL YO GAYE NAN LÈ A:</b>	BAY YON DESKRIPSYON DETAYE SOU KI PREKOSYON YO PRAL PRAN POU ANPECHE PATIKIL YO GAYE NAN LÈ A (pa egzanp, YO PRAL MOUYE MATERYO YO AK DLO ANVAN YO DERANJE MOUN, ELATRIYE).
<b>13. METÒD DEMOLISYON YO PRAL ITILIZE A:</b>	BAY YON DESKRIPSYON SOU FASON YO PRAL FÈ DEMOLISYON AN (pa egzanp, ITILIZASYON ZOUTI ALAMEN, MWAYEN MEKANIK, ELATRIYE) EPI KI KALITE EKIPMAN YO PRAL ITILIZE (pa egzanp, ZOUTI ALAMEN, MATO KONPRESE, LODÈ BOBCAT, ELATRIYE).
<b>14. ÈSKE ESTRIKTI A GEN MATERYO KI GENYEN AMYANT?</b>	OU DWE DI "WI" OSWA "NON".
<b>14a. SI SE WI:</b>	SI SE "WI", OU DWE RETIRE TOUT MATERYO KI GEN AMYANT ANVAN W FÈ NENPÒT AKTIVITE DEMOLISYON. AL GADE TIT 15, CHAPIT 1 NAN RÈG VIL NEW YORK YO. GEN YON KOPI KI DISPONIB SOU SITWÈB DEPATMAN AN, <a href="http://WWW.NYC.GOV/DEP">WWW.NYC.GOV/DEP</a>
<b>14b. ak 14c. SI SE NON:</b>	SI SE "NON", BAY NON AK NIMEWO SÈTIFIKA ENSPEKTÈ AMYANT KI TE SOUMÈT FÒM ACP5 OU AN.
<b>15. FIM KI RESPONSAB POU FÈ ANREJISTREMAN DEMOLISYON AN:</b>	NON KONPAYI A, NIMEWO TELEFÒN, ADRÈS KONPLÈ, NON PWOPRIYETÈ/REPREZANTAN OSWA AJAN AN AK TIT PWOPRIYETÈ A/REPREZANTAN OSWA AJAN AN. ADRÈS LA DWE GEN LADAN L MINISIPALITE A AK KÒD POSTAL LA. FÒK SIYATI A SE SIYATI PWOPRIYETÈ A/REPREZANTAN AN OSWA AJAN AN, SONJE METE DAT LA.
<b>ENFÒMASYON SOU FRÈ DEMOLISYON AN:</b> YO KALKILE LI NAN MILTIPLIYE FASAD LARI A AN PYE PA KANTITE ETAJ BILDING LAN FWA VENNSÈN SANTIM (\$0.25), AKONDISYON FRÈ MINIMÒM LAN PA DWE MWENS PASE \$250.00 DOLA. SI YON BILDING AP GEN FASAD SOU PLIS PASE YON LARI, YO DWE ITILIZE FASAD KI PI LONG LAN NAN KALKIL LA.	

**POU JWENN ENFÒMASYON, POZE KESYON, EPI MANDE ENFÒMASYON:** Ale sou sitwèb nou an ki se [www.nyc.gov/dep](http://www.nyc.gov/dep) oswa rele 311

